# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Министрликтиң методикалық хызмет бөлими, район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлериндеги оқыў-тәрбия процессин методикалық тәмийинлеў секторы (шуъба) методистлерине ўазыйпалар бекитиў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 26-майдағы **“Район (қала)лық халық билимлендириў бөлими хызметкерлериниң хызмети нәтийжелигин баҳалаўды жетилистириў ҳәмде оларды қосымша материаллық хошаметлеў бойынша ис-илажлар ҳаққында”ғы** 163-санлы буйрығына муўапық ҳәм 2021-жыл 1-июньдағы 02-02/3-1595-санлы хатының орынланыўын тәмийинлеў ҳәмде улыўма билим бериў мектеплериниң директорлары, директор орынбасарлары ҳәм педагог хызметкерлериниң өз қәнигеликлери бойынша қәнигеликлерин арттырыў ҳәмде қайта таярлаўдан өткериў жумысларын нәтийжели шөлкемлестириўди тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

**1.** Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 26-майдағы “Район (қала)лық халық билимлендириў бөлими хызметкерлериниң хызмети нәтийжелигин баҳалаўды жетилистириў ҳәмде оларды қосымша материаллық хошаметлеў бойынша ис-илажлар ҳаққында”ғы 163-санлы буйрығы мағлыўмат ҳәм орынлаў ушын қабыл етилсин ҳәмде 2021-жыл 1-июньдағы 02-02/3-1595-санлы хатының орынланыўы тәмийинленсин.

**2.** Улыўма билим бериў мектеплериниң директорлары, директор орынбасарлары ҳәм педагог хызметкерлериниң өз қәнигеликлери бойынша қәнигеликлерин арттырыў ҳәм оларды қамтып алыў, қайта таярлаўдан өткериў жумысларын нәтийжели шөлкемлестириўди тәмийинлеў министрликтиң методикалық хызмет бөлими, районлық ҳәм қалалық халық билимлендириў бөлимлериндеги оқыў-тәрбия процессин методикалық тәмийинлеў секторы (шуъба) методистлерине ўазыйпа етип бекитилсин.

**3. Жуўапкер қәнигелерге:**

- министрлик, районлық ҳәм қалалық халық билимлендириў бөлимлеринде усы күнге шекем мектеп директорлары, директор орынбасарлары ҳәм педагог хызметкерлердиң қәнигелигин арттырыў, қамтып алыў ҳәмде қайта таярлаўдан өткериў жумыслары менен усы күнге шекем шуғылланып келген жуўапкер менен усы жылдың 4-июнь сәнесинен баслап 3 күн мүддет ишинде алыс-берис жумысларын алып барыў;
- мектеп директорлары, директор орынбасарлары ҳәм педагог хызметкерлердиң қәнигелигин арттырыў ҳәмде оларды қамтып алыў, қайта таярлаўдан өткериў жумысларын нәтийжели шөлкемлестириў, айлық тыңлаўшылардың ҳәм қайта таярлаўдан өтиўшилердиң лаўазымы, пәнлер кесиминде дизимин қәлиплестириў ҳәм буйыртпалар бериў;
- айлық тыңлаўшылар ҳәм қайта таярлаўдан өткенлердиң өз қәнигеликлери бойынша қәнигелилигин арттырылғанлығы ҳаққындағы сертификаты ҳәмде қайта таярлаўдан өткенлиги ҳаққындағы дипломы менен тәмийинлениў бойынша талқылап барыў;
- Халық билимлендириў хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелилигин арттырыў аймақлық орайы менен бирге ислесиўди жолға қойыў ўазыйпалары жүклетилсин.

**4. Халық билимлендириў хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелилигин арттырыў аймақлық орайы (Б.Диланов)на (келисим менен):**

- қәнигелилигин арттырыў ҳәм қайта таярлаўдан өтиўшилердиң жыллық ҳәм айлық режелерин ислеп шығыўда ҳәмде тастыйықлаўда министрликтиң методикалық хызмет бөлими, районлық ҳәм қалалық халық билимлендириў бөлимлериндеги оқыў-тәрбия процессин методикалық тәмийинлеў секторы (шуъбаси) менен бирге ислесиўди жолға қойыў.

**5. Министрликтиң Методикалық хызмет бөлимине:**

- мектеп директорлары, директор орынбасарлары ҳәм педагог хызметкерлердиң қәнигелигин арттырыў ҳәм қамтып алыў ҳәмде қайта таярлаўдан өткериў жумысларына жуўапкер бекитиў;

- қәнигелигин арттырыў ҳәм қайта таярлаўдан өтиўши тыңлаўшылардың жыллық ҳәм айлық режелерин ислеп шығыў, тастыйықлатыў ҳәм орынланыўын қадағалаўға алыў;

- зәрүр жағдайларда, тастыйықланған жыллық ҳәм айлық режелерге Халық билимлендириў хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелилигин арттырыў аймақлық орайы менен келисилген ҳалда өзгерислер киритиў ҳәм қадағалаўға алыў ўазыйпалары жүклетилсин.

**6. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:**

- районлық ҳәм қалалық халық билимлендириў бөлимлеринде усы күнге шекем мектеп директорлары, директор орынбасарлары ҳәм педагог хызметкерлердиң қәнигелигин арттырыў ҳәм оларды қамтып алыў, қайта таярлаўдан өткериў жумысларына жуўапкер бекитиў ҳәм усы күнге шекем шуғылланып келген жуўапкер менен усы жылдың 4-июнь сәнесинен баслап 3 күн мүддет ишинде алыс-берис жумысларын шөлкемлестириў;

- ҳәр жылы март-июнь айларында өткерилип киятырған педагог хызметкерлер аттестациясына қатнасыўшылардың өз қәнигеликлери бойынша қәнигелигин арттырыў курсларынан өтиўлерин шөлкемлестириў ҳәм тәмийинлеў;

- педагог хызметкерлер аттестациясы жуўмағы бойынша қәниге лаўазымына ылайық емес деп табылған педагоглардың мектеплер ҳәм пәнлер кесиминде дизимин қәлиплестириў ҳәм нәўбеттен тысқары өз қәнигеликлери бойынша қәнигеликлерин арттырыў курсларына қамтып алыўды шөлкемлестириў ҳәм тийисли орынларға буйыртпалар бериў;

- нәўбетли ҳәм нәўбеттен тысқары айлық тыңлаўшылардың ҳәм қайта таярлаўдан өтиўшилердиң өз қәнигеликлери бойынша қәнигелилигин арттырыў курсларына қатнасыўы ушын айлық ҳәм жыллық режелерин ислеп шығыў;

- айлық тыңлаўшылар ҳәм қайта таярлаўдан өткенлердиң өз қәнигеликлери бойынша қәнигелилигин арттырылғанлығы ҳаққында ҳәр айдың 5-сәнесине шекем министрликке мағлыўмат киритип барыў ўазыйпалары жүклетилсин.

**7.** Атқарыў тәртиби ҳәм мүрәжатлар менен ислесиў бөлими (Қ.Бекбаулиев) бир күн мүддетте усы буйрықтың барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери жуўапкерлерине жеткерилип берилиўин тәмийинлесин.

**8.** Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 5-мартдағы “Министрлик, район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлериндеги педагог хызметкерлер аттестациясына жуўапкер қәнигелерге ўазыйпалар бекитиў ҳаққында”ғы 60-санлы буйрығы өз күшин жоғалтқан деп есаплансын.

**9.** Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ўазыйпасын ўақтынша атқарыўшы Қ.Бекбаулиевке жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл 02 - Июнь
№ 135

O'ZBEKISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

100011, Toshkent, Navoiy ko'chasi, 2a-uy
Tel.: (+998) 71 241-01-86; (+998) 95 479-99-08
web-site: www.uzedu.uz, e-mail: uzedu@exat.uz

MINISTRY OF PUBLIC
EDUCATION OF THE
REPUBLIC OF UZBEKISTAN

2a, Navoiy Street, Tashkent, 100011
Tel.: (+998) 71 241-01-86; (+998) 95 479-99-08
web-site: www.uzedu.uz, e-mail: uzedu@exat.uz

2021-у. «01» июнь № 02-02/3-1595 «___» __________ 2021 г.

**Қорақалпоғистон Республикаси халқ таълими вазири, Тошкент шаҳар халқ таълими бош бошқармаси ва вилоятлар халқ таълими бошқармалари бошлиқларига**

**Халқ таълими ходимларини қайта тайёрлаш ва уларнинг малакасини ошириш ҳудудий марказларига**

Халқ таълими вазирлигининг 2021 йил 3 мартдаги 02-02/3-688-сонли хати билан ҳудудий халқ таълими бошқармалари, туман (шаҳар) халқ таълими бўлимлари ўқитувчи-педагог ҳамда умумтаълим мактаблари директорлари ва ўринбосарларини ўз мутахассисликлари бўйича малака оширишларига жалб этиш ва уларни мос мутахассисликлар бўйича қайта тайёрлаш ишларини ташкил этиш ҳамда йиллик буюртмаларни шакллантириш вазифалари вақтинчалик Таълим сифати мониторинги бўлимларига юклатилган эди.

Ўзбекистон Республикаси Халқ таълими вазирининг 2021 йил 26 майдаги "Туман (шаҳар) халқ таълими ходимларининг фаолияти самарадорлигини баҳолашни такомиллаштириш ҳамда уларни қўшимча моддий рағбатлантириш бўйича чора-тадбирлар тўғрисида"ги 163-сон буйруғи билан тасдиқланган баҳолаш мезонларига мувофиқ "Ўқитувчиларнинг малака ошириш режасининг бажарилиши" кўрсаткичи ўқув-тарбия жараёнини методик таъминлаш шўъбаси методистларига юкланган.

Шу муносабат билан, Сиздан умумтаълим муассасалари раҳбар ва педагог кадрларини малака ошириш курсларига жалб қилиш ҳудудий халқ таълими бошқармаларининг методик хизмат бўлими, туман (шаҳар) халқ таълими бўлимларининг ўқув-тарбия жараёнини методик таъминлаш шўъбаси методистларини масъул этиб белгилашингизни ва бу борада халқ таълими ходимларини қайта тайёрлаш ва уларнинг малакасини ошириш ҳудудий марказлари билан ҳамкорликда ишларни ташкил этишингизни сўраймиз.

**Вазирнинг биринчи ўринбосари** **У.Шарифходжаев**

Ижрочи: Ф.Кутлиев
Тел.: 90-950-0552

QR XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
KIRIS № 421
«02» 06 2021 ж.